

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Kacindekan tina ieu panalungtikan nyaéta para santri bisa nulis jeung maca tulisan pégon kalayan bener, komo maranéhna bisa nulis ma'na dina kitab konéng kalayan bener, nalika maranéhna diuji, 75% geus bisa ngawasa matérina kalayan bener jeung 25% kurang, jeung bakal diaping ngarah bisa tuluy diajar maca jeung nulis pégon kalawan bener.

Ngagunakeun Arab Pégon dina kagiatan pangajaran maksudna pikeun tetep ngajaga ciri has pangajaran di Pondok Pasantren nu maké Arab Pégon dina kagiatan pangajaran. Salian ti éta, anu teu kurang pentingna nyaéta maké Arab Pégon tujuanna pikeun ngalatih jeung ngabiasakeun santri nulis Arab Pégon sacara rapih jeung bener.

Prosés pangajaran maké Arab Pégon di Pondok Pasantren Al Barokah Kota Bandung guru ngalaksanakeun tilu léngkah nyaéta rarancang, palaksanaan, évaluasi. Tilu léngkah ieu guru lakukeun pikeun nyiapkeun matéri satuluyna guru nulis matéri pangajaran maké Arab Pégon sarta ngalakukeun imla' (ngadikté) para murid nalika dina léngkah évaluasi.

#### **5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi**

Panalungtikeun anu geus dilaksanakeun tangtuna miboga mangpaat ngeunaan nulis akraza arab pégon, ku kituna Implementasi nulis Arab Pégon méré implikasi nu positif pikeun para santri sabab ieu kagiatan nulis arab pégon geus lila dilaksanakeun ku pasantren Al Barokah nepi ka ayeuna, jadi santri bener-bener bisa nulis matéri maké Arab Pégon. Para santri ogé mikanyaho, maham jeung prakték pangaweruh sarta pamahamanna dina kahirupan sapopoé. Para murid bisa ngalaman parobahan leuwih alus deui pikeun maranéhna. Para santri leuwih sabar jeung istikomah dina diajar pikeun pupuhu pasantren. Ku kituna, aya sababaraha rékoméndasi anu ditepikeun dina ieu panalungtikan sangkan nambahan

pangaweruh. Anapon ieu rékoméndasi ditepikeun pikeun mentor, santri, jeung panalungtik satuluyna.

Méntor Bisa méré input atawa mairan ka guru dina ningkatkeun konséntrasi diajar murid nalika kagiatan pangajaran.

Santri bisa méré pangaweruh jeung pamahaman sumanget dina nulis Arab Pégon sarta konséntrasi diajar dina kagiatan pangajaran.

Pamungkas Pikeun Panalungtik Satuluyna, Bisa leuwih jembar deui dina nalungtikna teu saukur ngan hiji kelas, pasantrén, atawa pasantrén. Tapi bisi leuwih ti hiji pasantrén, leuwih alus deui lamun lintas lembaga/ instansi.